

Jackson Prime

Rezime Pwogram Èd Finansye a

Jackson Health System ofri plizyè opsyon diferan pou moun ki mande èd finansye pou sèvis swen sante ke yo resevwa nan youn nan lopital nou yo. Kantite èd finansye ou ka resevwa a varye selon revni ou, kantite moun ki nan fanmi ou, ak konte w ap viv la. Anba a se yon rezime sou fason pou w aplike ak dokiman ki nesesè pou konplete pwosesis revizyon kalifikasyon an:

Fason pou Aplike:

Si w ap aplike antanke **Nouvo Pasyan:**

Tanpri rele nan nimewo sa a pou pran randevou pou yo ka fè yon evalyasyon finansye pou ou: 305-585-6000

Swiv endikasyon sistèm otomatik lan pou ka chwazi lang ou pito a: Anglè, Panyòl, oswa Kreyòl

Si w ap aplike pou yon **Renouvèlman:**

Tanpri vizite <https://jacksonhealth.org/>, anlè sit la sou bò dwat, ale sou “Patient Tools” (“Zouti pou Pasyan yo”) epi chwazi “Financial Assistance” (“Èd Finansye”).

Tanpri revize enfòmasyon ki anba “Renewal Notification” (“Avi Renouvèlman”)

epi swiv lyen:

<https://ola.veritysource.com/jackson/>